



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$233 MILYON POU FINANSE LIT KONT TEWORIS AK PREPARASYON IJANS

Finansman an pral ede kominote yo nan tout eta prevni, reponn a, epi retabli nan ijans yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plis pase \$233 milyon nan sibvansyon federal ki pral sipòte aktivite kont teworis ak preparasyon ijans nan konte yo toupatou nan Eta. Finansman an ki te soti nan Ajans Jesyon Ijans Federal (FEMA) grasa pwogram Sibvansyon Sekirite Enteryè, sipòte efò preparasyon rejyonal, sa ki gen ladann planifikasyon, òganizasyon, ak aktivite fòmasyon ki esansyèl epi amelyore prevansyon kominotè, pwoteksyon, repons ak kapasite rekiperasyon.

“New York kontinye yon sib pou teworis, e nou dwe asire ke gen finansman adekwat pou prepare, planifye ak prevni,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Finansman sa a pral ede defann eta kont sila yo ki vle fè sa ki pa bon e li pral sipòte premye sekouris nou yo ke yo rele lè gen ijans. Kenbe Nouyòkè yo ansekirite se pi gwo priyorite nou, e grasa pwogram sa yo ak egzèsis nou pral kontinye travay nan direksyon objektif sa a.”

Sibvansyon pou sekirite enteryè sipòte egzèsis ak fòmasyon pou premye sekouris yo, achte ekipman, ak lòt kapasite ki esansyèl pou kenbe Nouyòkè yo san danje. Direktiv Federal egzije yon 25 pousan nan prim total chak konte ki dirije nan direksyon aktivite lapolis sou prevansyon teworis.

Pwojè priyorite gen ladan efò ki devlope sou pwogram Preparasyon Sitwayen Gouvènè Cuomo a, devlopman pwogram ak règleman ki efikas sou sibè sekirite, epi kontinye kowòdinasyon efò planifikasyon jesyon ijans. Sèvis Ijans ak Divizyon Sekirite Enteryè eta egalman ap avanse patenarya rejyonal ak amelyore pataj enfòmasyon ant ajans kap fè aplike lalwa yo. Ajans lan bay direktiv ak sipò pou konte yo, ki dwe soumèt plan pwojè detaye pou yo ka resevwa ranbousman ki baze sou kontra sibvansyon.

Pwogram kle ak kantite lajan sibvansyon ki te anonse yo ap gen ladan:

- Inisyativ Sekirite Zòn Iben yo, sa ki bay preske \$181 milyon an finansman a pwogram enpòtan anti-teworis nan zòn iben nan Vil New York, sa ki gen ladan Vil New York, Vil Yonkers, Konte Westchester, Konte Nassau, ak Konte Suffolk.

- Pwogram Sekirite Enteryè Eta, ki bay plis pase \$52 milyon nan finansamn a konte yo toupatou nan eta ak nan Vil New York pou prevni, pwoteje kont, reponn a, ak rekipere kont zak teworis ak lòt dezaz katastwofik.

Sibvnasyon SHSP yo te atribye a:

| | |
|----------------------|--------------|
| Konte Allegany | \$70.000 |
| Konte Broome | \$365,000 |
| Konte Cattaraugus | \$160.000 |
| Konte Cayuga | \$155,000 |
| Konte Chautauqua | \$200,000 |
| Konte Chemung | \$170.000 |
| Konte Chenango | \$110.000 |
| Konte Clinton | \$150.000 |
| Konte Columbia | \$90,000 |
| Konte Cortland | \$60.000 |
| Konte Delaware | \$100.000 |
| Konte Dutchess | \$490,000 |
| Konte Essex | \$120.000 |
| Konte Franklin | \$70.000 |
| Konte Fulton | \$85,000 |
| Konte Genesee | \$115.000 |
| Konte Greene | \$115.000 |
| Konte Hamilton | \$50,000 |
| Konte Herkimer | \$90,000 |
| Konte Jefferson | \$130.000 |
| Konte Lewis | \$55,000 |
| Konte Livingston | \$150.000 |
| Konte Madison | \$125.000 |
| Konte Montgomery | \$120.000 |
| Konte Nassau | \$1,950,000 |
| Vil New York | \$34,392,307 |
| Konte Oneida | \$265,000 |
| Konte Ontario | \$200,000 |

| | |
|----------------------|---------------------|
| Konte Orange | \$900,600 |
| Konte Orleans | \$105,000 |
| Konte Oswego | \$195,000 |
| Konte Otsego | \$110,000 |
| Konte Putnam | \$275,000 |
| Konte Rockland | \$745,000 |
| Konte Saratoga | \$290,000 |
| Konte Schoharie | \$95,000 |
| Konte Schuyler | \$55,000 |
| Konte Seneca | \$60,000 |
| Konte St Lawrence | \$185,000 |
| Konte Steuben | \$130,000 |
| Konte Suffolk | \$1,200,000 |
| Konte Sullivan | \$210,000 |
| Konte Tioga | \$70,000 |
| Konte Tompkins | \$115,000 |
| Konte Ulster | \$270,000 |
| Konte Warren | \$80,000 |
| Konte Washington | \$80,000 |
| Konte Wayne | \$170,000 |
| Konte Westchester | \$1,420,000 |
| Konte Wyoming | \$70,000 |
| Konte Yates | \$40,000 |
| TOTAL | \$47,022,907 |

Montan Sibvansyon pa zòn

| | |
|-------------------|--------------------|
| Capital Region | \$1,683,340 |
| Rejyon Sant NY | \$1,530,000 |
| Rejyon Lwès NY | \$2,322,953 |
| TOTAL | \$5,536,293 |

Komisyonè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans John Melville te deklare, “Dènye ane ki sot pase yo te demontre espesyalman ijans ak enpòtans pou prepare pou ijans ki enprevi. Sibvansyon federal sa yo pral fè yon wout long nan fòm premye sekouris yo ak sipòte kominote lokal yo pou asire ke yo pare pou prevni zak teworis, reponn a katastwòf, epi pwoteje Nouyòkè yo nan chak kwen nan eta.”

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Pwoteksyon ak Sekirite chak Nouyòkè dwe toujou pi gwo priyorite nou. Dènye sibvansyon FEMA asire ke Eta nou an pral kapab prevni menas epi reponn a katastwòf nan yon tan apwopriye ak konplè. Grasa travay Gouvènè Cuomo nan garanti finansman sa a, premye sekouris brav nou yo pral prepare plèyman pou yon ijans,” te deklare Depite Charles B. Rangel.

Depite Eliot Engel te deklare, “Chak dola ki depanse sou mezi anti-teworis se yon dola ki byen depanse, espesyalman nan New York. HSGP pral bay New York \$233 milyon pou l sipòte pwogram enpòtan anti-teworis, aktivite fòmasyon, ak planifikasyon pou sityasyon katastwofik nan tout eta. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo nan efò l pou kenbe New York pwoteje ak ansekirite.”

Depite Nita Lowey te deklare, “Mwen kontan paske New York pral kontinye benefisye lajan sekirite enteryè a. Finansman sa a pral pwoteje moun yo pandan depasman chak jou yo, ranfòse ensfrastrikti enpòtan nan rejyon nou an, epi bay premye sekouris yo modènizasyon nan fòmasyon ak ekipman yo bezwen pou sove lavi sizoka ta gen yon atak teworis. Finansman DHS pou kriz te fèt pa majorite Repibliken nan Chanm lan nan kòmansman ane sa a ki te mete andanje sekirite rejyon nou an nan menase fon sa yo. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm nan, mwen pral kontinye dirije chaj la pou kenbe kominote New York yo ansekirite.”

Depite José E. Serrano te deklare, “Resan evènman yo kap fèt nan mond lan ak nan New York fè nou sonje ke nou dwe envesti regilyèman nan epi rete ajou sou kapasite eta nou an pou fè fas avèk menas teworis ak katastwòf natirèl. Se poutèt sa mwen te sipòte fòtman inisyativ sekirite nan zòn iben yo ak pwogram sekirite Homeland Eta antanke yon manm nan Komite Afektasyon an. Lajan federal sa yo pral pèmèt New York kontinye kanpe pare pou prevni ak reponn a nenpòt ijans ki pat prevwa nan yon fason ki rapid ak efikas. Map rete tann pou m travay avèk Gouvènè Cuomo pou asire ke pwogram ak aktivite fon sa yo pral finance enplemante avèk siksè nan kominote nou yo.”

Depite Jerrold Nadler te deklare, “Lajan federal sa enpòtan anpil nan efò nou pou konbat teworis epi sipòte premye sekouris yo. Mwen kontan dèske mwen se yon gwo sipòtè nan garanti lajan sa a nan Kongrè a chak ane. Inisyativ Sekirite nan Zòn Iben yo an patikilye pandan lontan te bay finansman enpòtan ki nesèsè pou pwoteje Vil New York. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te travay avèk nou pou garanti ke lajan sa yo ap pi byen pwoteje moun New York.”

Depite Carolyn B. Maloney te deklare, “Gouvènè Cuomo te kontinye fè sekirite eta nou

an youn nan pi gwo priyorite, e sibvansyon federal sa yo pral ede nan efò sa,” te deklare Depite Carolyn B. Maloney. “Mwen tap travay pou m bay lajan adisyonèl pou fòmasyon ak planfikasyon pou asire ke nou prepare pou ijans enprevi yo. Teworis rete yon menas, e nou pa ka bese siveyans nou pou yon minit.”

Depite Peter King te deklare, “Antanke premye sib teroris entènasyonal, sekirite New York esansyèl. Finansman sa pral fè yon wout long pou ranfòse defans nou ak preparasyon.”

Depite Gregory Meeks te deklare, “Mwen sipòte plènan sibvansyon federal sa yo pou amelyore fòmasyon, konpetans, ekipman, kapasite ak kowòdinasyon premye sekouris nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te priyoreze investisman nan sekirite ak pwogram preparasyon ijans pou prevni evènman tankou 9-11 epi prepare pou katastwòf natirèl tankou gwo tanpèt Sandy.”

Depite Joe Crowley te deklare, “Malerezman, nou menm Nouyòkè nou pa etranje a teworis, e eta nou an ap kontinye rete yon gwo sib pou teworis yo kap chèche pou enflije domaj nan Etazini. Sibvansyon federal sa yo pral ede eta nou an pou pi byen prevni, prepare pou, ak reponn a menas kont vil nou an nan finansman yon laj varyete pwogram anti-teworis, enkli pwogram grasa inisyativ sekirite nan zòn iben yo, yon efò mwen te ede apre pasaj 9/11. Chak investisman nan sekirite enteryè enpòtan pou kenbe Nouyòkè yo pwoteje.”

Depite Steve Israel te deklare, “Kòm Nouyòkè, nou konnen kijan li enpòtan pou w prepare epi reponn rapidman a ijans ki pat prevwa. Finansman sa a pral ede ranfòse enfrastrikti repons ijans nou an ki deja solid epi asire ke premye sekouris nou yo jwenn tout resous ki nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo pwoteje.”

Depite Brian Higgins, yon manm nan Komite Sekirite Enteryè te deklare, “Rejyon Lwès New York la se yon kominote nan fwontyè nò a, ki se kay kat pon entènasyonal; Estasyon Rezèv Ayeryen Niagara Falls; Pwojè Enèji Niagara; li chita tou sou de gwo lak ki gen pi gwo rezèv dlo dous nan mond lan; e li sèvi kòm yon pwèn santral de 500 mètr radius ki gen ladan apeprè 55% nan popilasyon Etazini ak 62% nan popilasyon Kanadyen. Finansman Federal sekirite enteryè esansyèl pou pwoteje karakteristik inik risk nou epi prepare rejyon nou an pou sitiyasyon ijans.”

Depite Paul Tonko te deklare, “Finansman sa a pral asire ke premye sekouris yo ansanm avèk lidè kominote lokal yo nan tout eta resevwa fòmasyon ak edikasyon yo bezwen pou reponn a katastwòf enprevi. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te rekonèt enpòtans alèjman ak preparasyon sa a, e mwen pa gen dout ke li pral fè yon wout long nan ede kominote nou yo pou yo vin pi fò ak pi rezistan devan ijans.”

Depite Richard Hanna te deklare, “Yo pral itilize lajan federal sa yo nan bon fason nan kominote nou yo pou reponn a epi rekipere nan ijans tankou move tan ke nou souvan eksperimante nan pati nò eta soti nan gwo kantite nèj ki tonbe pou rive a inondasyon. Li

pral asire tou ke premye sekouris nou yo byen prepare ak ekipe pou pwoteje katye nou yo lè katastwòf frape. Ou pa atann pou egzije sèvis sa yo jiskaske ou fè fas a yon sitiyasyon ijans e li kritik.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Irene, Sandy ak Lee te frape Hudson Valley fò, e resous enpòtan sa yo pral pèmèt premye sekouris nou yo prepare ak pwoteje kominote nou yo kont alafwa teworis ak katastwòf natirèl.”

Depite Grace Meng te deklare, “New York se sib nimewo en teworis nan peyi a e ki demontre bezwen ijans rejyon nou an pou kalite sibvansyon pou sekirite homeland federal sa yo. Soti nan pwogram pou prevni zak teworis pou reponn a dezast katastwòfik, li esansyèl ke New York rete prepare e ke premye sekouris nou yo gen tout resous enpòtan yo bezwen pou kenbe nou pwoteje ak ansekirite. Mwen remèsye FEMA ansanm avèk Gouvènè a, e mwen kontan pou m rejwenn yo nan anons finansman enpòtan sa yo.”

Depite John Katko te deklare, “Asire ke gason ak fi brav sa yo ki pwoteje kominote lokal nou yo gen resous yo bezwen ki esansyèl pou pwoteksyon rezidan nou yo toupatou nan Eta New York. Finansman sa yo ki nesèsè anpil pral asire ke premye sekouris yo nan Sant New York pi byen ekipe pou prepare pou, prevni ak reponn a ijans posib nan kominote nou an.”

Depite Kathleen Rice te deklare, “Finansman federal sa absoliman enpòtan pou ajans lapolis lokal yo ansanm avèk sekouris ijans yo ki sou teren an ke nou ka konte sou yo pou prevni, prepare pou ak reponn a zak teworis. Espesyalman nan New York, kote kominote nou yo ap fè fas a yon risk atak ki anòmalman elve, ajans lokal yo konte sou fon sa yo pou fè travay yo epi reponn a bezwen sekirite inik nou. Sibvansyon sa yo te retade san rezon akòz de lit politik sou finansman DHS pou ane kap vini an, men mwen kontan dèske DHS te aji rapidman pou asire ke New York pral gen lajan nou bezwen an pou kenbe moun yo ansekirite.”

Depite Elise Stefanik te deklare, “Sibvansyon sa yo pral fè yon wout long nan fason pou ede pwoteje fanmi North Country yo. Asire ke kominote nou an prepare komsadwa sizoka ta gen yon ijans ki grav e mwen kontan pou m wè finansman enpòtan sa vini nan 21^{yèm} distri New York.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Finansman sa esansyèl kounye a plis pase anvan kòm nap fè fas a yon menas teworis lokal kap grandi, enkli de fi nan New York sitwayen ameriken ki te radikalize pwòp tèt yo ki te konsidere tèt yo kòm sitwayen nan Eta Islamik. Preparasyon resan yo pou fè eksploze de bonm nan New York fè nou sonje pou nou rete pi vijilan pase anvan. Bay finansman ki nesèsè pou amelyore preparasyon ijans nou ak anti-teworis ap ede Nouyòkè yo prepare pou lavni.”

[Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans](#)

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Entèwoperab ak Kominikasyon Ijans -- bay direksyon,

kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, ak rekipere kont teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418